No. of Printed Pages : 3

**बी.बी.एच.एफ.-001**

## स्नातक उपाधि कार्यक्रम

## सत्रांत परीक्षा

00986

## जून, 2015

## बी.बी.एच.एफ.-001 : भोजपुरी में आधार पाठ्यक्रम

*समय : 2 घण्टे* *अधिकतम अंक : 50*

***नोट :*** *सभे प्रश्नन के उत्तर देवे के बा ।*

---

**1.** नीचे कुछ वाक्य दीहल जा रहल बा, जवना में कुछ सही बा आ कुछ ग़लत । बताईं कि एह वाक्यन में कवन सही बा आ कवन ग़लत । 5

(क) भोजपुरी भारतीय आर्य भाषा परिवार के भाषा ह ।

( ) सही ( ) ग़लत

(ख) भोजपुर, मुजफ्फरपुर जिला के एगो गाँव के नाम ह ।

( ) सही ( ) ग़लत

(ग) राजा मिहिर भोज चौदहवीं सदी के शासक रहलें ।

( ) सही ( ) ग़लत

(घ) भोजगण महर्षि विश्वामित्र के जजमान रहलें ।

( ) सही ( ) ग़लत

(ङ) भोजपुरी भाषा के नामकरण भोजपुर नगर के बोली के रूप में भइल बा ।

( ) सही ( ) ग़लत

2. नीचे लिखल शब्दन के सही वर्तनी लिखीं । 5

(क) संग्या

(ख) बानीं

(ग) भासा

(घ) कङना

(ङ) कइँची

3. खाली स्थान में सही विभक्ति भरीं । 5

(क) ऊ कुकर ________ मरलन । (ने/के)

(ख) पुअरा ________ मड़ई छुवत बा । (से/में)

(ग) देह ________ मिरजई उतार द । (बदे/ले)

(घ) तोहरी ________ हम चल जात बानी । (संतिर/में)

(ङ) ई मेहरारू ________ लुगरी ह । (क/तरे)

4. नीचे लिखल मुहावरा के कवनो दूगो के अर्थ बताईं अउर वाक्य में प्रयोग करीं । 4

(क) सुतार जागल

(ख) लहार लूटल

(ग) गोइँठा में घीव सुखावल

5. नीचे लिखल कवितांश के सप्रसंग व्याख्या करीं । 6

जाउ-जाउ भइया रे बटोही ! हिंद देखि आउ,

जहाँ ऋषि चारो वेद गावे रे बटोहिया !

सीता के विमल जस, राम जस कृष्ण अस

मोरे बाप-दादा के कहानी रे बटोहिया ।

6. रजाई कहानी के सार संक्षेप में लिखीं । 6

7. 'खटिया' निबंध के संदर्भ में खटिया के गुण-अवगुण के विवेचना 150 शब्दन में करीं । 5

8. गबरघिचोर के कथा के संक्षेप में लिखीं । 5

9. सही जोड़ा बनाईं : 5

| | | |
|---|---|---|
| (क) | चउकपूरन | – भोजपुरी लोकगीत |
| (ख) | सोहर | – भोजपुरी लोकनाट्य |
| (ग) | बिदेसिया | – चित्रांकन |
| (घ) | आल्हा | – भोजपुरी लोककथा |
| (ङ) | जिउतिया व्रत-कथा | – भोजपुरी लोकगाथा |

10. नीचे लिखल गीतन में से कवनो एगो गीत लिखीं । 4

(क) चैता

(ख) फगुआ

(ग) देवीगीत